

22 out

Se sa ki fè se pa mwen k ap viv ankò, se Kris la k ap viv nan mwen : lavi m ap mennen nan kò m kounyeya, m ap viv li nan konfyans mwen gen nan Pitit Bondye a ki te renmen m sitèlman li te bay lavi l pou mwen. Galat 2. 20

Fè Kris konfyans nèt ale

Hudson Taylor, yonn nan premye misyonè kretyen, te antre nan peyi Chin an 1854, li te gen konfyans nan Bondye yon fason espesyal. Li te fè eksperyans ke Bondye nan lanmou l, nan pouvwa l ak nan fidelite l, kapab delivre nan sitiyaasyon ki pi difisil yo. Lespri nou byen repoze lè n remèt Jezi direksyon lavi nou ! Nan Istwa Hudson Taylor, genyen plizyè lèt li te ekri. Men kèk fraz nan yo :
“Mwen kwè kounye a ke batay yo, efò yo, dezi yo, espwa jou ki pi bon yo, se vrè mwayen pou moun jwenn bonè, sentete, ak yon vi ki itil.

Moun ki pi sen an, se sila ki gen Kris anndan li, e ki pran plezi l nan travay Kris reyalize nan lavi li.

Pran repo, pa fè efò, oubyen pa konbat ; gade Jezi, mete konfyans ou nan li pou ka genyen batay la... Konte sou lanmou yon sovè ki ka fè tout bagay, nan jwa pou yon sali konplèt, pou yon sali ki pa manke anyen, nou va delivre anba tout peche.

Se pa yon kesyon lite pou genyen lafwa, men se gade sila ki li menm sèl fidèl, e fè l konfyans antyèman. Èske l pa pwomèt mwen l ap toujou la avè m, li pap janm abandone m ?

Pa kwè ke eksperyans sa a, ak verite sa yo se pou yon ti gwoup moun sèlman. Li pou chak pitit Bondye.

Sèl pisans ki ka delivre moun anba peche oubyen pou vrè sèvis, se Jezi Kris” !

22 août

Je suis crucifié avec Christ ; et je ne vis plus, moi, mais Christ vit en moi ; et ce que je vis maintenant dans la chair, je le vis dans la foi, la foi au Fils de Dieu, qui m'a aimé et qui s'est livré lui-même pour moi.

Galates 2. 20

Faire pleinement confiance à Jésus

Hudson Taylor, un des premiers missionnaires chrétiens à pénétrer en Chine en 1854, avait une vie de foi exceptionnelle. Il a fait l'expérience que Dieu, dans son amour, sa puissance, sa fidélité, est capable de nous délivrer dans les situations les plus difficiles. Quel repos d'esprit quand on laisse à Jésus Christ la direction de sa vie ! La biographie de Hudson Taylor comprend un important échange de correspondance. En voici quelques extraits :

“Je crois maintenant que les luttes, les efforts, les aspirations, l'attente de jours meilleurs, ne sont pas le vrai moyen de parvenir au bonheur, à la sainteté, à une vie utile.

Le plus saint est celui qui possède le mieux Christ au-dedans de lui et qui se réjouit le plus complètement dans son œuvre accomplie.

Se reposer, non pas faire des efforts ou se débattre ; regarder à Jésus, se confier en lui pour vaincre... Se reposer sur l'amour d'un Sauveur tout-puissant, dans la joie d'un salut complet, de la délivrance de tout péché.

Il ne s'agit pas de lutter pour avoir la foi, mais de regarder à Celui qui seul est fidèle, et de lui faire entièrement confiance. N'a-t-il pas promis de demeurer avec moi, de ne jamais m'abandonner ?

Ne croyons pas que cette expérience, ces vérités, soient réservées à une minorité. Elles sont pour chaque enfant de Dieu.

La seule puissance pour la délivrance du péché ou pour le vrai service, c'est Jésus Christ”.